



Pou Piblikasyon Imedya: 04/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON NAN TRIBINAL SIPRÈM, NAN DIVIZYON APÈL ETA NEW YORK LA

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nominasyon Onorab Lynn Wessel Keane nan yon pòs vid nan Tribinal Siprèm Eta New York, Divizyon Apèl, Katriyèm Depatman.

"Onorab Jij Wessel Keane gen eksperyans, reflechi epi li trè kalifye", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen gen konfyans li pral sèvi ak distenksyon kòm yon manm nan Divizyon Apèl la, Katriyèm Depatman."

Onorab Lynn Wessel Keane se te yon Jij nan Tribinal Siprèm Konte Erie nan Uityèm Distri Jidisyè New York depi lè li te eli an 2017. Anvan Tribinal Siprèm Konte Erie, Wessel Keane te eli Jij Minisipal pou Tribinal Minisipal Orchard Park la an 2012.

Jij Wessel Keane te kòmanse karyè legal li kòm yon asistan avoka distri epi li te lanse pwòp pratik defans prive li an 2000. Jij Wessel Keane te tou yon grefye konfidansyèl pou Jij Lisa Bloch Rodwin (retrete) nan Tribinal Fanmi Konte Erie a, li te genyen eksperyans nan zafè kriminèl, fanmi ak zafè sivil.

Jij Wessel Keane se yon manm Asosyasyon Bawo Konte Erie, Asosyasyon Bawo Fanm Eta New York ak Asosyasyon Jij Kou Siprèm Eta New York. Dènyèmman li te sèvi kòm vis prezidant epi anvan kòm trezorye Asosyasyon Jij Kou Siprèm nan, Uityèm Distri Jidisyè, epitou li te sèvi kòm yon manm nan Komite sou Karaktè ak Kondisyon Fizik pou Uityèm Distri Jidisyè a, Katriyèm Depatman.

Wessel Keane te fè yon B.A. nan Boston College kote li te gradye ak gwo distenksyon (magna cum laude) epi li te konplete yon Doktora an Dwa (J.D.) nan SUNY Buffalo Law School kote li te gradye ak distenksyon.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)